
ISSN 0207-6551
9
2016
6+

# Редакторым и псалъэ

*Ди еджакІуэ цІыкІухэ, гъэ еджэгъуэщІэмкІэ дывохъуэхъу! Фэ зывдэтщІу, дэ мы къыдэкІыгъуэм есэпым гулъытэшхуэ хуэтщІащ. Есэпыр фІыуэ зыхуэщІым куэд къехъулІэнущ, и гупсысэкІэм зиужьынущ, адрей щІэныгъэ зыхурагъаджэхэми нэхъ пэлъэщыфынущ.*

*АтІэ, мы гъэм япэ дыдэу еджапІэ пщІантІэ дыхьа сабийуэ школ уэзджынэ къызыхурагъауэхэм сыткІэ дывэхъуэхъун? Мис мы усэмкІэ:*

## ЯПЭ ДЫДЭ - ЯПЭ КЛАСС

Нанэ ІэфІым и кІэкъуащІэм
ЕджакІуэщІэр укъыкъуаш.
УфІэхьэлъэ тхылъылъэщІэр
УпщІэхэлъу укъыдаш...

КъыпкІэлъолъэр топыр пкІатэу,
Хьэндрэфийр къыпкІэлъофий,
Егъэсащ наужьыр къащтэу,
Ар жыг щхьэкІэм «щобжьамий».

Уи щІыбагъым къызэриплъэу
ПцІащхъуэ цІыкІухэм ягъэхъэж,
Я макъ цІуухэр къызэщІэплъэу
Ягу къыпхуеуэр яІуэтэж...

Хьэмыщэжьым фІощІ урейуи,
Дэцымейуэ къыпфІыдож.
Уи «хъумакІуэм» уоплъ ней-нейуи,
Ухуолъ: – Хьирэ. Іукі. Гъэзэж!

– Ари здэши, тІэкІу егъаджэ,
Уи есэпыр егъэщІыж.
Нанэ гуфІэу хьэм кІэлъоджэ,
Уэ къыпкІэлъоІущэщэж...

КъыбжиІар уи дадэ щабэу
Уи гум илъу уоплъэкІыж.
«Уэ, ЩІэныгъэ Щауэ ухъу, тІу,
Утехьащ насып лъэмыж!

ШыІэныгъэм и Іэжьэкъур
Іэ сэмэгукІэ, щІалэ, Іыгъ.
Уи ЩІэныгъэм и гущэкъур
Ар Іэ ижьым егъэІыгъ!»

***АБРОКЪУЭ Беллэ***



# ШКОЛЫМ УОКІУЭ



*Ди ныбжьэгъу цІыкІу! АтІэ, иджы уэ япэ классым зыбгъэщІагъуэзу уокІуэ. ЕкІуу уззщыхуэпыкІащ, пщыгъыу хъуар щыгъынышІэщ, тхылъылъэр уи плІэ илъу пагэу ухобэкъукІ, уи пэри уэгум етащ. Уэ уеджэну ухуейщ, ауэ уи гур иджыри школым есакъым, уи джэгугъуи икІакъым. Сыту пІэрэ а уи тхылъылъэм илъхэр? Дэ абы ди Іуэху хэлъкъым, ауэ уи нанэ, мамэ, шыпхъу нэхъыжь уиІэмэ, – ахэм хъыбар едмыгъащІэу хъунукъым унэм укъыщыщІэкІкІэ уи тхылъылъэм иплъэну.*

*Къытхуэгъэзгъу, ди ныбжьэгъу цІыкІу... мы усэращ псори зи ягъэр.*

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег**





## "ШКОЛАКІУЭ"

Чырбыш нықъуэ,
ЩІакхъуэ, кхъуей,
ЛошкІэ, гуахъуэ,
Жьэрыкуей,
КІапсэелъэ,
Малъхъэдис,
Письмоулъэ,
Зы ирис,
Дзасэ, мастэ,
Цыщ лэныстэ,
Газетыжь,
Журнал,
Къэбыстэ...
И портфелым
Сыти дэлъщ,
Ауэ ручкэ,
Тхылъ дэмылъ,
Тетрадь лъэпкъи
Яхэмылъ...
ГъэтІылъыгъэу
Мы бэгъуар
Школ къэзыхьыр
Хэт? Флъэгъуа?!.

ЩЭНЫБЭ Маринэ

# БЖЫГЪЭ ГУФIЭРЕЙХЭР



**1-зы**

ЗыфIощIыж къыхуэт щымыIэу,
Арщхьэ, пэ фIэкI, зы имыIэу
Зы-м и закъуэщ. ПагэIейщ,
Гъусэ лъэпкъи ар хуэмей!



**2-тIу**

ТIу-м и Iуэхухэр Iей хуэмыдэ,
ФIырэ-IейкIи ар хэмыдэ,
КъыIэрыхьэр сыт ирехъу,
ТIум тIурытIурэ зэблехъу.



**3-щы**

Щхьэхуэпсалъэу Щы-р щысынущ...
Гумызагъэу пэщэщэнущ...
Щэ еплъынущ, щэ къибжынущ,
Щэ ибжар – къипщытэжынущ.



**4-плIы**

ПлIы-р шэнт цIыкIу ублэрэкIащ,
И щхьэр плIимэу уплIэнщIащ.
Поплъэ ар къэпIэтыжыну,
ТIэкIу уеубзэу плъэщIыжыну.



**5-тху**

Ди Нэхунэу Iэбэ пIащэм
Бжыгъэ «Тху-р» зэригъэщIащ.
И Iэпхъуамбэу хущIагъашэм
Я цIэр ибжурэ, есащ.



**6-хы**

Хы-р щхьэхынэкъым, жан цIыкIущ,
Ещхьыркъабзэщ Дижан цIыкIу!
Сыхьэтихым къэтэджынщ,
ПщIантIи, уни ипхъэнкIынщ.

**7-блы**

Блэуэ и щхьэр игъэкIауэ
БлэкIыу Блы-р хэт илъэгъуа?
Себлэгъэну къызэджати...
Сыкъигъанэу, благъэм кIуа?





**8-й**

Й-м игу ирихьыурэ ишх псори
Хьэлыгъуанэшхуэм, мес, хуэкIуащ.
ЯфIэауану къеплъти псори
Бгырыпх зэвыбзэ зыщIипхащ.

**9-бгъу**

Хьэндырабгъуэм удз гъэгъауэ
Нобэ бгъу къилъэтыхьащ.
Къилъэтыхьыурэ губгъуэшхуэр
Бгъу дамэбгъуэр езэшащ.





**10-пщIы**

ПщIы-р мыпIащIэу, зэщIэпщIыпщIэу
И пщIантIэшхуэм къэкIуэжащ.
Ар къэсыжри, къэт щымыIэу,
Ди пщIы бжыгъэр ирикъуащ.

Бжыгъэу хъуар иджы къэщIэжи,
Къэдыгъэбжыт, си Iущ цIыкIу!
– Зы, тIу, щы, плIы, тху, хы, блы,
АдкIэ жыIэт?
– И, бгъу, пщIы!
Мис иджы уэ Iущ ухъуащ!
Уи щIэныгъэм хэбгъэхъуащ.
Дади-нани бгъэгуфIащ,
КIэнфетипщIи къэпхьэхуащ!



# Бжыгъэхэр дауэ къызэрыунэхуар?



Аддэ-аддэ, пасэм щыгъуэ, цIыхум тхыгъэ щамыIам, бжыгъэхэр къызэрагъэлъэгъуэн нагъыщи яIэтэкъым. АтIэ, дауэт зэрыбжэр? Тхыгъэ уимыIэми хуиту узэпсэлъэфынущ, бзэ пIурылъщи, ауэ бжыгъэр зэрыбгъэлъэгъуэнур дауэ? ИтIанэ, зэхэплъхьэн-зэхэпхын хуейкъэ? Мис абы и Iуэхур нэхъ гугъут. Бжыгъэм я Iуэхур къызэрежьаращ:

ЦIыхухъур щакIуэ къикIыжащи, цIыхубзыр йоупщI:

– Дапщэ къэпщэкIуар?

Модрейм, зэрыжиIэнур имыщIэу, и Iэпэ закъуэр егъэлъагъуэ: "Мис мыпхуэдиз тхьэкIумэкIыхь", – жыхуиIэу.

Псори гурыIуэгъуэ хъуащ.

Арати, цIыхум я IэпхъуамбипщIыр къагъэсэбэп хъуащ. Щримыкъум и деж, лъэпхъуамбэхэри хагъыхьэрт. Иджы ар птхын хуейтэкъэ, уи гум ибубыдэн щхьэкIэ? Ятхыу щIадзащ, Iэпхъуамбэм ещхьу. Зыр – зы Iэпхъуамбэ шияуэ, тIур – Iэпхъуамбит1ыр зы башкIэ зэпхауэ, щырIэпхъуамбищу, зыр зым и щIагъ щIэтрэ зэпыщIэжауэ, плIым – зы Iэпэ щIэгъэшауэ, тхур – IэштIыму зэхуэкъусарэ зы Iэпэр пылеикIыу. УрысыбзэкIэ «пять» псалъэр къызытекIар «пясть», – Iэращ.

Мис апхуэдэу Iэпхъуамбипщ1ым къатехъукIыжа бжыгъэхэм нобэм къэсыху дробжэ, зэхэтлъхьэу, зэхэтхыу, дгъэбагъуэу, дгуэшу.

Хьэрыпхэм нобэм къэсыху къагъэсэбэпыр Iэпхъуамбэхэм къатехъукIыжа башхэращ: I, II, III, IV, V, VI, VII, VIII, IX, X.

*"Сабий энциклопедие" тхылъым къитхыжащ*



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | = | | – | 4 |
| = | | | | = |
| | = | | – | |
| – | | | | + |
| 2 | = | | : | |

## «Й»

ПлIимэ нэщIхэм 1-м къыщыщIэдзауэ 9-м нэс ифтхэ, дэтхэнэми 8 къыщIидзу. Бжыгъэхэр зэхуэдэу къэфхь хъунукъым.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | + | 5 | = | |
| ■ | | | | – |
| | : | | = | |
| | | | | = |
| | – | | = | |

## «БГЪУ»

ПлIимэ нэщIхэм, фIыцIэм фIэкIа къэмынэу, 1-м къыщыщIэдзауэ 9-м нэс ифтхэ, щапхъиплIими 9 къыщIидзу. Бжыгъэхэр зэхуэдэу къэфхь хъунукъым.

# Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ

Еуэщ аби, лIиплI зэгухьэри бжьэуэ яIэр губгъуэм дашащ, зэщIыгъуу ягъэхъуну. Бжьахъуэ пщыIэр мэз лъапэм щыхасэри бжьэ къэпщIыгъуэ пщIондэ тесащ. Иджы абы здыдашауэ яIэт зы чыцI IэрыпI цIыкIу. Зэштегъэуүэ абы и лъакъуиплIыр зэхуагуэшат лIиплIым я зырызу. ЧыцIыр пхуэубыдынт, мо щIэжьей къуейщIейр дэлъей-къелъыхыурэ и зы лъакъуэ псыгъуэр икъутэжщ аби, пхъэщIэпхэ хуащIын хуей хъуащ. Сымаджэ цIыкIум гукъыдэжышхуэ иIэнт сытми, щылът мафIэ хуабэм пэрылъу. Аурэ, зы дэп ласкIэ къэлъейщ, и пхъэщIэпхэм къытехуэри, ису хуежьащ. ГуIэжыгъуэ къызылъыса чыцIым къижыхьурэ бжьаIуэм илъадэщ, мафIэр бжьэ матэхэм яхихьэщ аби, зыкъэмынэу зэтрисыхьащ.

ЛIищым мурад ящIащ лъакъуэ къутар зылъысар ягъэпшынэну. Ар модрейм щахуимыдэм, зэдауэу УэрарэкIэ зэджэ хеящIэм деж зэрыхьащ.

– Фызахуэщ, лъакъуэ щIэпхар зеяращ пшынэнур, – жери къиутIыпщыжащ.

Ар щызэхихым, Жэбагъы щIалэ Iущым Уэрарэр ауан ищIу жеIэ:

– Уэлэхьэ, ари хеящIэкIэ къысхуэмыхъуат, хейр игъэмысэрэ мысэр иухейуэ.

Уэрарэм ар щыхуаIуэтэжым щIалэр ириджащ.

– Сыт уэ си хей щIэкIэм дэбгъуар ?

– Дэзгъуаращ,тхьэмадэ. Лажьэ зимыIэ лъакъуищым ирамыхьэжьатэмэ, ар бжьаIуэм илъэдэнут?

– Уеи, имылъэдэнут. Пэжщ, лъакъуэ узыншэхэращ ар абы зыхьар.

– АтIэ а лъакъуэ узыншэхэр зеищыращ пшынэн хуейри.

Уэрарэр егупсысыжри, щIалэщIэ Жэбагъым арэзы дэхъуу и щхьэр ищIащ: «Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ» – жери.

**ТХЬЭМОКЪУЭ Женэ итхыжащ**

***

*ЦIыкIухэ, а псалъэжьым къикIым фегупсысыт.*

*Къэзанокъуэ Жэбагъы жыхуаIэж лIы Iущым и хъыбарщ мыр. Ди тхыдэм уриплъэжмэ, акъылкIэ зи цIэ Iуауэ диIар а зыращ. Фигу ивубыдэ, и хъыбархэми феджэ.*

## ПлIимэрэ щимэрэ

Хъурейхэм 1-м къыщыщIэдзауэ 9-м нэс бжыгъэхэр ифтхэ, къимыгъэшу, захуэу итхъа къэс 15 къыщIидзу.





Хъурейхэм 1-м къыщыщIэдзауэ 9-м нэс ифтхэ, захуэу итхъа къэс 18 къыщIидзу.

Нур ЦIыкIураш

Нур журналыр 1982 гъэ лъандэрэ къыдокI. Абы и япэ редактор нэхъыщхьэу ягъэуvауэ щыта усакIуэ, уэрэдус **КЪЭЖЭР Петр** илъэс 15-кIэ журналым щылэжьащ. Илъэс пщIейм щIигъукIэ псэуа а тхакIуэ телъыджэр балигъыми сабийми зэхуэдэу Iэзэу яхуэусэу щытащ. НэхугъэкIэ къаблэу щытащ абы сабийхэм яхуилэжьа псор: и усэхэр, поэмэ-таурыхъхэр, уэрэдхэр. ЗигъэнщIыртэкъым анэдэлъхубзэкIэ журнал щхъуэкIэплъыкIэ къызыхудэкI хъуа ди щIэблэм яхуищIэмкIэ. ИкIи, сыт итхми, макъамэ щIэлъу къыпфIэщIу укъеджэрт. Арагъэнщ уэрэдхэр хуабжьу къехъулIэу щIыщытари… и гум уэрэд жиIэу зэрыпсэуарщ.

Иджы, ди сабий губзыгъэхэ, фэ а усакIуэ-уэрэдусым и цIэр зэи фи гум ивмыгъэху, абы къыфхуигъэна дунейр зейр фэращи, фхъумэ, и пщIэр фымэгъэпуду.

## Дунейр сэращ зейр

*Псалъэхэр* ***КЪЭЖЭР Петр****,*
*макъамэр* ***КЪЭБЭРДОКЪУЭ Борис*** *яйщ*

I. ПщIащэ цIыкIухэм сеIущащэм,
Мэзыр къагъэуш.
Бзухэм я бзэ уэрэд къабзэр
ХузощIыж тхьэгъуш.
Сабиигъуэр хэку дахащэщ,
Хэкуу хъуам я лейщ,
Абы псори щыгумащIэщ,
ПсэкIи щыкъулейщ.

*Ежьу:*
Хэку псоми ар я лейщ,
Щыпсэухэм я дунейщ,
Дунейр сысейщ,
Сысеймэ – ар ууейщ.
Дунейр сысейщ,
Сысеймэ – ар ууейщ.

II. Сабиигъуэу дыгъэщыгъэм
Нэхъ тыгъэфI хэт хуейр, –
Уэрщ зи фIыщIэр,
Ди Хэку дыщэ,
Нобэ ди дунейр.
Ди пщэдейм и дыгъэ гъуазэр
Дэ къыдогъэуш.
Сабиигъуэр гъащIэ набдзэщ,
ПсэщIэм и тхьэгъушщ.

*Ежьу:*
Ар псэщIэм и тхьэгъушщ,
Дэ ар къыдогъэуш.
Дунейр сысейщ,
Сысеймэ — ар ууейщ.
Дунейр сысейщ,
Сысеймэ — ар ууейщ.

Уафэр къащхъуэщ,
Щылъэр щхъуантIэщ,
Ди гъуэгуанэр кIыхьщ.
Тхуэдэ щIэблэщ
Нэр къыщIэплъэр,
Вагъуэхэм допщIыхь,

Зыжьэу дэ уэрэд къыхэддзэм,
ЩIылъэр къегъэуш,
УэрэдыщIэу дэ къэдгъэщIыр
ГъащIэм и тхьэгъушщ.

*Ежьу:*
Ар гъащIэм и тхьэгъушщ.
Щыгушхуэр къегъэуш.
Дунейр сысейщ,
Сысеймэ — ар ууейщ.
Дунейр сысейщ,
Сысеймэ — ар ууейщ.






Бзу - хэм я бзэ уэ - рэд къаб - зэм ху - зо - щІыж тхъэ - гъуэщ.
Са - би - и - гъуэр хэку да - ха - щэщ, Хэ - куу - хъым - я лейщ.
А - бы псо - ры щы. Гу - ма - щІэщ, хэку
псо - ми ар я лейщ, Щып - сэу - хэм я ду - нейщ, Ду
- нейр сы - сейщ, Сы - сей - мэ - ар у - уейщ, Ду
- нейр сы - сейщ, Сы - сей - мэ - ар у - уейщ.

*Мы мазэм и 28-р Адыгэ фащэм и махуэшхуэщ*



Фащэр модельер Хьэцlыкlу Мадинэ ищlащ.







Уи сурэт игъэувэ



Уи сурэт игъэувэ







Фащэр модельер ХьэцӀыкӀу Мадинэ ищӀащ.

*МЭЗ Аниуар*

# БЖЬАХЪУЭ ДАДЭ




*Рассказ*

Бжьахъуэ дадэкIэ деджэу ди хьэблэм зы лIыжь угъурлы дэсащ. Къэдгъэунэхуауэ абы и бжьаIуэм дыкIуэрейт: пхъэ гъур къыхуэтщыпырт, псы къыхуэтхьырт, тыкуэным дыхуэкIуэрт. Езыми фо дигъэшхт, тарыхъ, хъыбар къытхуиIуэтэжырт.

Зэгуэр, гъатхэкуу, дыгъэм дыкъигъэделэри, зыдгъэпскIыну псыхъуэм дызэрыхьащ. ЗыщыдгъэпскIыр бжьаIуэм пэжыжьэтэкъыми, дыкъилъагъури къыдэджащ…

– Мис иджы зыдгъэпскIынщ, – щыжытIэм, погуфIыкIри:

– ПасэIуэщ. Мыщэм зимыгъэпскIауэ фыхыхьэмэ, бэгу фыхъунщ. Псыр апхуэдэу пасэу къэхуабэркъым. Мыдэ сэ фо фэзгъэшхынщи, ар нэхъ Iуэхуф Iщ. Мыщэм теухуауи зы хъыбар цIыкIу вжесIэжынщ, фыхуеймэ.

Дэ ди нэхэр къицIыщхъукIауэ, форэ лэкъумрэ къызытригъэува Iэнэм дыкъетIысэкIащ.

– Сэ сыщыцIыкIуам мыщэри, дыгъужьри, хьэIуцыдзри куэду щыIащ. Зэгуэр, пшапэр зэхэуа къудейуэ, ди бжьаIуэм пэмыжыжьэу гъуахъуэ макъ шынагъуэ гуэр къоIу.

– Зэхэпхрэ, дадэ? – сыкъэщтауэ си адэм гъунэгъу зыхузощI.

– Зэхызох, си щIалэ, зэхызох. Мыщэр хъуакIуэщакIуэ къежьауэ аращ. ЩIымахуэ псом жеяр и гъуэм къикIащи, ишхын къелъыхъуэ. Ныбэ нэщIщ тхьэмыщкIэжьыр.

Iэуэлъауэр гъунэгъу къыщытхуэхъум, ди адэм и щIыбагъ сыкъыдоувэ.

– Умышынэ, хуэмыху, умышынэ. Абы ди гугъу къищIынукъым.

Си адэм, пщыIэ гупэм деж щищIа мафIэм гъурц куэду трилъхьэу, мафIэ бзийм лъагэу зиIэта нэужь, щIакхъуэ щыкъуей, кIэртIофыфэ хуэдэхэр Iуихри жыжьэу игъэтIылъащ. Мыщэжьыр къаплъэрт, цIыхум хуэдэу къызэфIэуваурэ.

– Мыщэр мафIэм щошынэ, – жиIащ си адэм. – Ар къыдбгъэдыхьэнукъым. ИтIани, «мыщэ мэжэщIалIэм ищIэну псор хэт ищIэн», жыхуиIэу, фоч зэгуэтыр гъэпкIауэ иIыгът. МафIэ бзийр нэхъ кIащхъэ зэрыхъуу, ди адэм хуигъэтIылъар гужьеигъуэр телъу ишхащ. Ежьэжыну ди гугъа щхьэкIэ, аргуэру къызэфIэуващ, и щхьэжьыр игъэкIэрахъуэрэ гурыму. Иджыри зыгуэр еттыну къыдэлъэIу хуэдэт ар.

– Мы лъэбыцэжьым дапхуэдиз ептми ирикъунукъым. Дымыгъащтэмэ, къыдэуэсэнурэ гугъу дригъэхынущ, – жиIэри, ди адэм фочыр дригъэуеящ. Мыщэр, щтэри, гурымурэ мэзым хыхьэжащ. Абы и ужькIэ мыщэ хьэщIэ диIэжакъым, жыжьэу и гъуахъуэ макъ зэхэтха мыхъумэ. Апхуэдэхэм деж ди адэм фочыр дригъэуейрти мыщэжьми арагъэнт гъунэгъуу къыдбгъэдыхьэн дзыхь щIимыщIыжыр.

Бжьахъуэ дадэ и хъыбарыр щиухым, пшапэ зэхэуэгъуэри къэсат, дэри форэ

лэкъумкӀэ дытхъэжат; дыкърегъэжьэж: «НобэкӀэ ар хъунщ. Мэкъуауэгъуэм щӀыхьэху фысщӀынущи, зывмыгъэкӀуэд», – жери.

Бжьахъуэ дадэ пщыхьэщхьэ гуэрым къытхуеӀуэху, дызэрыкӀуэн хуейр дигу къигъэкӀыжу. ФохьэкӀуэхэр зэрыт пхъэ зэдзахэр бжьэ матэхэм къыдихыурэ щӀихуну егъэхьэзыр. Дэ Бжьахъуэ дадэ къызэрыджиӀам хуэдэу, къэхьын хуейр къыдохь, Ӏухын хуейр Ӏудох. Бжьахъуэ дади пыгуфӀыкӀыурэ къытхоплъэ. Апхуэдэурэ шэджагъуашхэр къэсащ.

– ЩӀыхьэхум нэхъыфӀ дыдэу хэлъыр «фи Ӏэр фтхьэщӀ» щыжаӀэращ, – мэгушыӀэ Бжьахъуэ дадэ. ФохьэкӀуэхэр Ӏэнэм къытрегъэувэри, и псалъэм къыпещэ: – Фом и залэр маещ. Егъэлеймэ, къреху, жи. Куэд фымышх, фи гур къиуӀэнщи, сымаджэ фыхъунщ.

Зы щӀалэ цӀыкӀу нэхъ бзаджэу къытхэтти, Бжьахъуэ дадэ зэхримыгъэхыу абы жеӀэ:

– Лӏыжь хьэлэлу си гугъа щхьэкӀэ, нэпсей гуэри мыр. Фом игъэсымэджа щыӀэ? Димыгъэшхыну ращ...

Фоуэ хуэшхыр, мыдаӀуэу, иригъэмэрэкӀуэхащ абы.

ТӀэкӀу дэкӀри, щӀалэ цӀыкӀум и гур къекӀуэу щыхъум, дыкъэгужьейри къэхъуар Бжьахъуэ дадэ жетӀащ.

– Евмыгъэлеину сынывэлъэӀуати, – жиӀэурэ, щӀалэ цӀыкӀум и Ӏэблэр иубыдри псыежэхым ишащ, зригъэтхьэщӀщ, итӀэщӀри хигъэгъуэлъхьащ. Зэман докӀри ар и фэм къихьэжауэ къытхешэж.

Фо щӀэхуныр и кӀэм щынэдгъэсам пщыхьэщхьэхуегъэзэкӀ хъуати, Бжьахъуэ дадэ фӀыщӀэ къытхуищӀщ, фохьэкӀуэ зэрызи къыдитри, гъуэгур зэхуэдитӀ тщӀыху дыкъигъэкӀуэтэжащ.

Бжьахъуэ дадэ фо куэд сигъэшхащ, ауэ, бжьэр къыдэпщӀэкӀарэ къыщыдэуи щыӀэу, пщӀэнтӀэпсыр къытпыжу къэдлэжьа хьисэпу, къыдита фохьэкӀуэм хуэдэу Ӏэфӏ сӀумыхуауэ къысщохъуж.

Уэ сыти жыӀэ, гугъу уехьу къэблэжьа ерыскъым нэхъ ӀэфӀ щыӀэкъым.

* * *

*ЦӀыкӀухэ, бжьэ гъэхъуным теухуауэ фэ сыт зэхэфха, сыт флъэгъуа? Хьэлэмэт дыдэщ бжьэхэр зэрылажьэ щӀыкӀэр, абы яхэлъ «хабзэхэр». Фи нэхъыжьхэм зыхуевгъэӀуэтэж, тхылъхэ къиеджыкӀ, а бжьахъуэ Ӏэщӏагъэ дахэу ди лъэпкъым къыдекӀуэкӀым теухуауэ нэхъыбэ.*



# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ







## «БЖЫГЪЭХЭР»

УпщIэхэр: 1. Бжыгъэшхуэ. 2. Гъунэншэ, щапхъэ зимыIэ. 3. 180 : 10 = ? 4. Математик цIэрыIуэ. 5. КIыхьагъ къэзыгъэлъагъуэ псалъэ, метр мин хъууэ. 6. Математикэм щыщ Iыхьэ. 7. Жюль Верн и романым хэт капитаным и ныбжьыр. 8. 250 х 4 = ? 9. Николай Носовым и таурыхъхэм хэт щIалэ Iущ цIыкIу. 10. Бжыгъэр къызэралъытэ щIыкIэ.

Жэуапхэр пэжмэ, къехыу фыкъеджэнщ бжыгъэхэм драгъэкIуэкI есэпхэм теухуа щIэныгъэм зэреджэм.

ЖЭУАПХЭР КЪЫКIЭЛЪЫКIУЭ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ТЕТЫНУЩ.

Зыгъэхьэзырар
**ШЭРДЖЭС Дэбагъуэщ**

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 9 2016 г.

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
**Б. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИШОВА**

Набор и верстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР

Подписано к печати 05.09.2016 г.
Выход в свет 29.10. 2016 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial Cyr, Minion Pro, Times New Roman
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7
Тираж 2110 экз.
Заказ № 511
Индекс 73912
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 12,47 руб.; за 6 мес. – 74,82 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5
42-75-30, 42-17-53
nur-k@mail.ru

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5, ГКУ «КЦО СМИ КБР». Дом печати.

Отпечатано
ООО «Печатный двор»
360030, КБР, г. Нальчик,
ул. Калинкового, 1
printhouse07@gmail.com,
Тел./факс 8(8662) 74-11-33